

⚠ Siy Avètisman Matènèl Ijan

Ou te ansent oubyen ou te akouche nan ane ki sot pase a? Si ou genyen nenpòt nan siy avètisman ijan sa yo, rele 9-1-1 oswa ale nan Sal Ijans/Triyaj Obstetrisyen ki pi pre a!



Tèt fè mal ki pa janm pase oswa ki vin pi mal de jou an jou, avèk oswa san chanjman vizyon



Mal pou respire



Mouvman tibebe a sispann oswa ralanti




Kriz



Ekoulman san oswa likid nan vajen *pandan* gwosès



Gwo doulè vant fè mal ki pa janm pase



Reflechi pou fè tèt ou mal oswa fè tibebe ou an mal

Lè ou rive nan Sal Ijans/Triyaj Obstetrisyen an, di yo:

- Non ou
- Ou ansent OUBYEN ou te fè yon sezaryèn oswa yon akouchman nan vajen nan (dat)
- Kiyès ki Doktè Obstetrisyen ou an epi ki kote ou te akouche
- Siy avètisman ou remake yo

Mache selon lide w! Ou konnen kò w plis pase tout lòt moun! Li BON pou ou rele 9-1-1 lè gen yon ijans.



ÈSKE W TE KONNEN:

- Nan lane 2020 Ozetazini, 861 fanm te mouri akòz yon pwoblèm ki gen rapò ak gwosès, epi anviwon 50,000 fanm te sibi gwo konplikasyon nan gwosès.*
- Fanm koulè yo gen twa fwa plis risk pou yo mouri akòz yon pwoblèm ki gen rapò ak gwosès pase fanm blan.^
- Pou chak lanmò ki gen rapò ak gwosès, de sou twa ka evite!*

*To Mòtalite Matènèl yo Ozetazini, 2020 (cdc.gov)

^Eugene Declercq ak Laurie Zephyrin, Mòbidite Matènèl Grav Ozetazini: Yon Entwodiksyon (Fon Commonwealth, Okt. 2021)

! Siy Avètisman Matènèl Ijan

Ou te ansent oubyen ou te akouche nan ane ki sot pase a? Rele Doktè Obstetrisyen w lan epi di l pou li egzamine w jodia si ou gen siy avètisman sa yo:



Lafyèw



Gwo anflamasyon nan men oswa nan figi



Anflamasyon nan janm, anflamasyon oswa woujè nan janm ou



Doulè nan pwatrin oswa kè k ap bat rapid



Gwo kèplen ak vomisman (ki pa sanble ak kèplen gwosès lematen yo)



Vètij oswa endispozisyon



Gwo fatig



Chanjman nan vizyon w



Gwo ekoulman san nan vajen (plis pase lè ou gen règ ou) apre ou fin akouchman

Lè ou rive jwenn biwo a oswa Doktè Obstetrisyen ou an, di l:

- Non ou
- Ou ansent OUBYEN ou te fè yon sezaryèn oswa yon akouchman nan vajen nan (dat)
- Siy avètisman ou remake yo epi ou vle wè/pale ak Doktè ou an jodi a



Si ou pa ka jwenn Doktè Obstetrisyen ou an, ale nan sal dijans/Triyaj Obstetrisyen an!